

## MEMORANDÒM

**POU :** Komite Skolè a  
**SOT NAN MEN :** Indira Alvarez, Direktris Operasyon  
**KOPI POU :** Sipèentandan Mary Skipper  
**DAT LA :** 26 oktòb, 2022  
**OSIJÈ :** Divès Mizajou sou Nouvo Kontra Ekolojik la (« Green New Deal »)

Objektif memorandòm sa a se pou ba w divès mizajou enpòtan konsènan Nouvo Kontra Ekolojik la pou Lekòl Piblik Boston. An patenarya avèk Direktriè Operasyon Vil Boston an, Dion Irish, Depatman Enstalasyon Piblik Boston ak divès pati enterese Lekòl Piblik Boston, pami yo : Biwo Afè Akademik, Biwo pou Avansman Fanmi, Finans ak Planifikasyon ak Analiz, depatman Planifikasyon Kapital la gen divès mizajou konsènan divès pwojè ak strateji pou divès enstalasyon distri nou an.

Pou n kapab reyalize pwomès pou n founi yon garanti kalite bay fanmi yo nan Boston, entèvansyon parapò a enstalasyon yo ap rantre anba kat kategori.

- **Bati Nouvo** : Konstriksyon divès nouvo bilding ki gen ase espas pou kominote skolè yo e ki satisfè divès bezwen edikasyonèl modèn
- **Renove** : Anrapò ak sa, renove divès bilding ki deja egziste pou reponn a divès bezwen edikasyonèl
- **Solidifye divès Pakou** : Aliyen avèk regleman distri a sou rediksyon divès tranzisyon, rekonfigerasyon (re-aranjman) lekòl yo a yon modèl klas matènèl jiska klas 6yèm ane / klas 7yèm jiska 12yèm ane
- **Konbine divès Kominote Skolè** : Pou fini, amelyore divès bilding e konbine divès resous pou divès opòtinite elaji.

Pou n kapab avanse pou pi devan, nou arive idantifye divès zouti presi pou ede nan kreyasyon divès plan klè pou ane skolè 2023-2024 la e odela. Pwojè Evalyasyon Kondisyon Enstalasyon yo ak Etid Konsèp Lekòl yo.

- **Evalyasyon Kondisyon Enstalasyon yo**
  - Divizyon operasyon an ap fè yon Evalyasyon sou Kondisyon Enstalasyon yo (FCA). Evalyasyon Kondisyon Enstalasyon an (FCA) ap yon eleman kritik nan planifikasyon

kapital ak planifikasyon antretyen ranvwaye yo, ansanm ak yon zouti planifikasyon transparan pou kominote Lekòl Piblik Boston an. Rezilta pwojè sa a ap founi enfòmasyon tou pou priyorizasyon travay yo e l ap soutni fiti divès strateji planifikasyon kapital. Pwojè a gen twa eleman rapòtaj ladan l. Eleman FCA a ap konsantre sou divès kondisyon espas yo, eleman ADA a ap konsantre sou divès kondisyon aktyèl espas yo k ap konfòm a Lwa ki an Favè Ameriken ki Gen Andikap la (« American with Disabilities Act »), epi eleman Skàn 3 dimansyon an (3D Scan) ap pèmèt distri a detèmine eleman espas yo nan yon fason ki pi egzakt e planifye pou kapasite nan yon fason ki pi efikas. Divès egzaminasyon sou teren an sou bon chemen e nou konfyan ke li sou bon chemen pou delè Ete 2023 a.

- **Divès Etid sou Konsèp Lekòl yo**

- Lekòl klas matènèl jiska 6yèm ane ak 7yèm ane jiska 12yèm ane : Depatman Enstalasyon Piblik Boston an ap travay avèk konpayi « DLR Group, Inc. » pou konplete yon Etid Konsèp Lekòl, yon seri rekòmandasyon pou pwogram ak konsèp pou lekòl yo pou gide fiti renovasyon ak konstriksyon, avèk enfòmasyon n ap tire nan angajman otantik n ap genyen avèk manm kominote Boston an pandan ane k ap vini an.
- Lekòl Madison Park Technical Vocational High School : Depatman Enstalasyon Piblik la te òganize divès reyinyon avèk Kominote lekòl Madison Park la pou anonse etid la jou 27 septanm ak 17 oktòb, e sa ba yo anpil plezi pou yo avanse avèk sesyon etid konsepsyon yo avèk kominote a.
- Lekòl McKinley yo : Depatman Enstalasyon Piblik la ap deziyen yon achitèk pou fè yon etid pou idantifye konfigerasyon espas (aranjman espas) ki ta soutni divès bezwen kominote skolè a pi byen.
- Stad White Stadium : Depatman Enstalasyon Piblik la arive deziyen yon Jesyonè Pwojè e l ap chèche yon konseptè pou kòmanse etid la.
- Ansyen konplèks lekòl Jackson Mann ak konplèks aktyèl lekòl Horace Mann nan.

Apa de mete komite a ajou sou zouti sa yo, nou ta renmen pataje divès mizajou sou divès pwojè aktyèl.

- **Divès Pwojè Fondamantal MSBA :**

- Lekòl Boston Arts Academy : Depatman Enstalasyon Piblik la ap finalize lis rezèv divès atik la e li arive akeyi elèv nan nouvo espas li a.
- Lekòl Josiah Quincy Upper School : nan faz konstriksyon an e l ap egzamine divès pake teknolojik, FFNE (mèb), ak koulè penti pou eksteryè bilding nan.

- Lekòl Carter School: arive konplete abatman bilding nan e l ap antre nan faz demolisyon an.
- Lekòl Blackstone School ap tann aktyèlman pou yon mizajou sou estati li k ap sot nan men Otorite Bilding Lekòl Massachusetts la (Massachusetts School Building Authority - MSBA).
- Paris St Lot: ap tann aktyèlman pou yon mizajou sou estati li k ap sot nan men Otorite Bilding Lekòl Massachusetts la (Massachusetts School Building Authority - MSBA).
- **Divès Renovasyon ak Rekonfigerasyon :**
  - Ansyen Edwards Middle School : Pwojè pou renove espas n ap itilize kòm espas fleksib pou Kominote lekòl Horace Mann lan arive eksperimante divès delè akoz yon mankman òf kalifye, sepandan n ap travay sere avèk Depatman Enstalasyon Piblik Vil la pou kenbe ou menm ak kominote skolè a enfòmè sou estati pwojè sa a.
  - Lekòl Patrick John Kennedy School: Ranplasman chodyè chofaj lekòl la te mande pou plis travay nesèsè pou konfòmite parapò a ADA (« Lwa an Favè Ameriken ki Gen Andikap »). 16\$ milyon nan lane fiskal 2023 a pou yon gwo renovasyon pou asire konfòmite ak divès amelyorasyon ; faz sa a nan etap konsepsyèl la nan moman sa a.
  - Lekòl Frederick Middle School: Renovasyon pou kore espas fleksib pou lekòl Carter School arive fini.
  - Lekòl Charlestown High School: Divès amelyorasyon bilding pou rann posib divès konvèzyon a aranjman klas 7yèm a 12yèm ane a arive fini.
  - Lekòl East Boston High School: Divès amelyorasyon bilding pou rann posib divès konvèzyon a aranjman klas 7yèm a 12yèm ane arive fini.

Apa de divès Pwojè Kapital, distri a gen yon seri inisyativ enstalasyon k ap dewoule ; yo mansyone anba a pou w kapab okouran de yo.

- **Divès Inisyativ Distri a.**

- Enstalasyon Sous Dlo
- Divès Amelyorasyon pou Sekirite
- Kouvèti pou Radyatè yo (Aparèy Chofaj yo)
- Enstalasyon Kouran AC (kouran altènatif)
- Divès Amelyorasyon nan Lakou Lekòl yo
- Divès Amelyorasyon nan Teren Eksteryè yo
- Renovasyon Twalèt yo
- Divès Amelyorasyon nan Aksesibilite

- *Divès Amelyorasyon nan Antre yo*
- *Amelyorasyon nan Efikasite Enèji ak Dlo*
- *Divès Amelyorasyon nan Espas Spesyalize*
- *Bibliyotèk yo*
- *Oditoryòm yo*
- *Chanm Atizay yo*
- *Chanm Syans yo*

Depatman Nouvo Kontra Ekolojik la (« Green New Deal »)/Planifikasyon Kapital la anba Divizyon Operasyon an kontan anpil, e li angaje, e detèmine pou travay sa a. Reyalizasyon pwojè sa yo ak plizyè lòt inisyativ distri a va amelyore eksperyans elèv nou yo e reyalize pwomès garanti kalite a.